

Modèl Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

(Tanpri renome dokiman sa kòm apwopriye, epi efase mo "Template" anwo a. Jeneralman, dokiman yo ta dwe apwoksativman de paj, epi pou li yon rezime Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal ranpli.)

Tit: Pwopozisyon Inovasyon Muñiz Academy pou Ane Lekòl 2023-2027 **Dat:** 6 avril 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? X Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: Janvyè 2021, Mas 2021, Jen 2021

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Muñiz Academy ap mande apwobasyon Plan Inovasyon nou an pou Ane Lekòl 2023 jiska 2027. Ekite se yon wòch kwen ki refleto nan plan pou asire ke chak elèv nan kominote nou an jwenn aksè ak fakilte ansanm ak opòtinite pwofesyonèl, gradye avèk yon plan, epi jwenn sipò aprè li fin gradye.</p> <p>Kominote lekòl nou an refleto 98% elèv koulè yo, 90% elèv Latino, 80.5% elèv ki gen lang ki pa anglè ak 15% elèv ki gen bezwen espesyal.</p> <p>Plan Inovasyon sa te rive konstui avèk pèsònèl la, elèv yo, fanmi yo, ak patnè kominote yo.</p> <p>Rezilta yo atann pou Plan Inovasyon sa se ke nou pral konsevwa epi mete an èv yon modèl vil kòm Kanpous ki reyevante aprantisaj ak ansèyman avèk yon modèl kominote baze sou zòn nan.</p> <p>Apwobasyon Pwopozisyon Inovasyon Muñiz Academy an asire aktyalizasyon kontini vizyon ak misyon lekòl la, epi kreye opòtinite nan echèl distri a pou plis elèv ak fanmi Boston ki enterese nan yon pwogram lekòl segondè bileng. Pwopozisyon an fè avanse objektif kle distri yo konsènan rediksyon eka opòtinite ak reyisit yo, epi aplike kiltirèlman ak lengwistikman divès pratik dirab.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Pwopozisyon Inovasyon Muñiz Academy alinye avèk plan estratejik distri yo ki konsantre sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pòtrè Diplome a • Dezi Kontini pou Vin yon Lekòl Segondè 7èm-12èm ane • Konsantre sou Ekite • Konsantre sou Fakilte ak Opòtinite nan Karyè pou TOUT Elèv yo • Konsantrasyon sou Byenèt • Mass Core
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Muñiz Academy ap sèvi 80.5% aprenan anglè nan yon modèl bileng ki ouvri pou tout elèv yo atravè yon kontinyòm konpetans lengwistik ak akademik. Pwogrè aktyèl nou yo avèk itilizasyon mezi tès estandatize yo, to gradiyasyon ak mezi preparasyon ak mezi preparasyon pou fakilte ak pou karyè a endike modèl nou an konble reyisit la, patikilyèman pou aprenan lang anglè yo. Nou ap kontinye gen eka nan reyisit matematik jan sa refleto</p>

	nan MCAS.
4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i>	<p>Plan sa te devlope pandan 1.5 dènye ane yo ki gen ladan yo pèsònèl la, reprezantan elèv yo, sondaj elèv yo, gwoup diskisyon elèv yo, reyinyon fanmi yo, tab wonn sou ekite yo, gwoup diskisyon ansyen elèv yo, ak tab wonn ak gwoup diskisyon kominotè yo/patnè yo.</p> <p>Elèv ki ap patisipe nan pwogram pilòt yo te eksprime alafwa antouzyasm yo ak divès nouvèl ide sou fason nou kapab apwofondi travay sa.</p>
5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i>	<p>Ekite a se yon wòch kwen pou pwopozisyon sa pou itilize done ki ankou nou yo pou asire ke chak elèv jwenn aksè ak divès opòtinite inivèsite ak pwofesyonèl e ak yon soutyen aprè yo fin pran diplòm yo. Plan sa reponn ak nesosite pou ogmante opòtinite inivèsite ak pwofesyonèl yo pou elèv koulè yo, patikilyèman elèv Latino yo ak Afwo Ameriken yo ak sila yo ki se Aprenan Anglè yo.</p> <p>Etabli yon kalandriye solid pou Muñiz Academy vin yon 7èm-12èm ane pral fè pwogrese ankò ekite antan ke estrateji reyisit.</p>
6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i>	<p>Okenn nan moman sa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Enplikasyon bidjè yo pral detèmine an patenarya avèk Biwo Bidjè a; • Yon desizyon konsènan konfigirasyon 7èm-12èm ane an patenarya avèk Bidjè a ak Biwo Rekonsepsyon Lekòl Segondè yo; • Mizannèv Mass Core pral an patenarya avèk Bidjè ak Biwo Rekonsepsyon Lekòl Segondè yo. <p>Manm ekip yo pote alafwa yon gwo varyete eksperyans apati de lekòl nou an ansanm ak patnè yo ki gen ladan yo laj, eksperyans, kilti ak ras.</p> <p>Idantite gwoup yo: <u>Manm Ekip ki Idantifye Kòm Latino yo:</u> Samuel Acevedo, Sant Resous pou Ansèyman Siperyè Antonio Arvelo, Direktè Adjwen Lekòl Gabe Diaz, Kotch Reyisit Ansyen Diplome Muñiz Carlos Gonzalez, Kowòdonatè Tranzisyon Fakilte ak Muñiz College Dania Vazquez, Direktè Lekòl Paula Castillo, Elèv Lenny Tejeda, Elèv Julian Suazo, Elèv</p> <p><u>Manm Ekip ki Idantifye Kòm Azyatik yo:</u> Sunny Pai, Hale Education</p> <p>Manm Ekip Ki Idantifye Kòm Afwo-Ameriken yo: Erica Pernell, Hale Education Reggie Jean, BU Upward Bound</p> <p>Manm Ekip ki Idantifye Kòm Blan yo: Dan Abramowski, Direktè Adjwen Lekòl</p>

	Eric Arnold, Hale Education Benjamin Peters, Pwofesè Laura Gersch, Pwofesè Heather Johnson, EdVestors Jimmy Wyman, Boston PIC
7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i>	Evalyasyon chak ane done yo konsènan mezi ki rekòmande pa Eta, ki gen ladan yo MCAS, to gradiyasyon menm jan ak swivi done aprè inivèsite yo, pral siveye ak analize pa direksyon lekòl la epi pataje avèk pati prenan yo.